



Pou Piblikasyon Imedya: 04/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LAPOLIS ETA A BAY PLIS PASE 32,900
KONTRAVANSYON PANDAN REPRESYON DWI NASYONAL LA KI TE FÈT JISKA
PREMYE JOU ANE A**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Lapolis Eta New York te bay 32,934 kontravansyon epi te arete 453 moun ki t ap kondui san yo pa an eta pandan Represyon pou Dwi Nasyonal la ki te kòmanse mèkredi 14 desanm 2022, e ki te kontinye jiska Premye Jou Ane a ki se dimanch 1e janvyè 2023. Twoup yo te arete 453 moun pou DWI epi yo te mennen ankèt sou 4,417 aksidan, ki te lakòz 528 moun te blese ak uit lanmò.

"Mwen remèsye Lapolis Eta a ak fòs de lòd lokal yo pou efò kontinyèl yo fè pou retire chofè danjere yo sou wout yo epi pwoteje tout Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou pa pral tolere trajedi ki ka evite ke chofè k ap kondui tou sou, ak kapasite afebli lakòz, epi nou pral kontinye mezi aplikasyon lwa agresif nou yo pou rann wout yo an sekirite pou tout moun ki itilize yo."

Sirentandan Enterimè Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare, "Youn nan priyorite misyon Lapolis Eta New York la se amelyore sekirite otowout la lè li konsantre sou rediksyon aksidan moun k ap k ap kondui tou sou, ak kapasite afebli. Atravè efò aplikasyon lwa resan nou yo, ansanm ak travay Twoup yo fè chak jou, nou rann wout nou yo vin pi an sekirite pou piblik la. Lapolis Eta New York ankouraje otomobilis yo pou yo fè sekirite yo pi gwo priyorite tou pou ede diminye aksidan sa yo. Mesaj nou an senp: Pa bwè epi kondwi. Lè nou pwo-aktif, nou ka redwi kantite aksidan otomobil ki te koze pa moun ki kondwi sou ak kapasite afebli."

Komisè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) yo ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a, Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Chif sa yo se yon lòt siy ke efò sa yo ap mache pou kenbe lari nou yo ak otowout yo an sekirite. Nou toujou fyè pou nou fè patenarya ak lapolis lokal ak eta a nan kanpay sa yo, epi pou nou kontinye fè mesaj la pase bay otomobilis yo ansanm ak pasaje yo - si ou pral soti ak selebre, fè yon plan epi mennen tèt ou ak tout lòt moun lakay ou an sekirite. Li senp pou fè sa epi li ka fè tout yon diferans."

Pandan kanpay la, Lapolis Eta a te itilize bon jan pwèn kontwòl sou moderasyon, plis patwouy DWI (Kondui Anba Enfliyans) epi yo te bay kontravansyon ak chofè ki te distre

ki t ap itilize aparèy pòtatif elektwonik. Ofisye lapolis yo te sèvi avèk machin Lapolis Eta a ki make epitou avèk machin Kontwòl Sikilasyon ki gen Idantite Kache (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) nan kad operasyon sa a pou idantifye pi fasilman chofè yo ki t ap vyole lalwa. Veyikil sa yo ka kamofle avèk machin k ap sikile chak jou yo, men yon fwa limyè ijans lan aktive moun ka rekonèt yo byen fasil tankou veyikil ijans.

Nan kad inisyativ aplikasyon lalwa a, Manm patwouy yo te sible tou chofè k ap fè eksè vitès ak chofè ki agresif yo toupatou nan eta a. Anba a gen yon echantyon kantite kontravansyon total yo te bay yo.

- Eksè Vitès 11,305
- Kondui Distrè 912
- Vyolasyon senti sekirite 916
- Vyolasyon Lwa Mete w Akote a 316

Yo divize rezilta kanpay la selon Twoup la:

Twoup	Rejyon	Vitès	Arestasyon pou DWI (Kantite moun)	Distrè etan yo t ap Kondui	Restriksyon pou Timoun/ Senti Sekirite	Mete w Akote	Total Kontravansyon (li enkli lòt vyolasyon)
A	Western NY	843	36	78	67	13	2,597
B	North Country	681	22	21	42	28	2,204
C	Southern Tier	898	23	55	36	29	2,369
D	Central NY	753	41	62	124	11	2,945
E	Finger Lakes	917	33	60	135	19	3,302
F	Upper Hudson Valley	1,271	87	140	131	27	3,138
G	Capital Region	1,008	39	94	38	48	2,690
K	Lower Hudson Valley	1,911	76	108	85	35	4,122

L	Long Island	845	49	134	75	3	2,931
NYC	New York City	262	11	53	56	2	1,831
T	NYS Thruway	1,916	36	107	127	101	4,805

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)